



BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang Masalah

Sastra mangrupa salah sahiji rupa kasenian nu aya dina *peradaban* manusa. Sastra mibanda kalungguhan salaku karya seni, salian ti mangrupa media pikeun ngébréhkeun kahayang, ide, gagasan hirup, katut intuisina sacara éstétis. Éta idé jeung gagasan téh bisa ngajanggélék jadi karya sastra. Karya sastra mangrupa rakitan basa nu éndah. Nu ngahudang rasa éndah téh lain ngan ukur basana wungkul, tapi nu leuwih poko kaéndahan dina karya sastra téh nyoko kana eusina, nya éta naon-naon anu ditepikeun tur mangrupa tarékah pikeun nepikeun bebeneran.

Harjana dina Lubis (1996: 6) nétélakeun yén:

“sastra- sebagai pengungkapan apa yang telah disaksikan, dialami, dan yang paling menarik minat secara langsung kemudian direnungkan dan dirasakan seseorang mengenai aspek-aspek kehidupan- pada hakekatnya adalah suatu pengungkapan kehidupan lewat bentuk bahasa.”

Jadi bisa disebutkeun yén sastra téh titiron alam jeung dunya subyékatif manusa (Wellek jeung Warren, 1993:109). Ieu pamadegan ditandeskeun ku Sumardjo jeung Saini. K.M. (199: 3) yén sastra téh nya éta ungkapan pribadi manusa anu mangrupa pangalaman, pikiran, rasa, idé, sumanget, jeung kayakinan dina wangun gambaran kongkrit anu ngahudangkeun kaéndahan kalawan basa minangka alatna.

Sumarsono (1986: 9) nétélakeun yén sastra asalna tina basa Sansekerta, anu bisa dihartikeun aturan, pituduh, pangajaran, paréntah, karya ilmiah atawa karya kaagamaan. Luyu jeung pamadegan Teeuw (1988: 23) yén sastra téh nya éta

asalna tina basa Sanssekerta; akar kecap *sas-* hartina ngarahkeun, ngajar, méré pituduh atawa *instruksi*. Ahiran *-tra* biasana nuduhkeun alat, sarana. Ku kituna sastra bisa dihartikeun alat pikeun ngajar, buku pituduh, buku instruksi atawa pangajaran.

Salian ti miboga fungsi pikeun ngajar, buku pituduh, buku instruksi atawa pangajaran, sastra ogé bisa ngahasilkeun hiji karya nu ilahar disebut karya sastra. Karya sastra lain ngan ukur nyatetkeun kahirupan sapopoé, tapi ogé nafsirkeun kahirupan, méré harti sangkan kahirupan pinanggih jeung kabagjaan. Upama disurahan, hiji karya sastra téh boga ajén anu luhung. Luyu jeung pamadegan Sumardjo (1986: 8) anu nétélakeun yén karya sastra téh nya éta karya anu mangrupa *penafsiran* tina kahirupan

Karya sastra téh titiron tina alam kahirupan manusa. Nilik kana jihat eusi, karya sastra henteu leupas tina ajén-inajén kahirupan, nya éta agama, atikan, jeung sawangan hirup. Ku kituna, upama urang bisa nyangkem kana eusi karya sastra bisa nambahan pangaweruh sarta bisa nungtun dina kahirupan nu bakal datang.

Masyarakat Sunda mibanda karya sastra nya éta karya sastra Sunda, boh buhun boh moderen. Nilik kana médiana aya nu kagolong kana sastra lisan jeung tinulis, nya éta sumebarna sacara lisan jeung tinulis. Salah sahiji karya sastra Sunda buhun winangun ugeran nya éta wawacan.

Kiwari wawacan téh geus langka ayana. Malah mah nepi ka aya jalma anu teu apal naon jeung nu kumaha ari wawacan téh. Kitu deui tradisi maca wawacan kiwari geus jarang dipaké, boh dina dina acara ritual boh dina hiburan. Di wewengkon Gegerkalong Girang aya kénéh nu ngampihan naskah wawacan, sarta

éta naskah wawacan téh dipusti-pusti, saperti dibungkus ku boéh, jeung teu meunang kaléngkahan. Loba kénéh wawacan anu can kapaluruh jeung katalungtik. Éksisténsi wawacan dina jaman kiwari mémang geus hésé kapaluruh lantaran loba nu geus ruksak.

Nilik kana kaayaan saperti kitu, perlu ayana tarékah pikeun ngarumat naskah wawacan sangkan bisa dibaca ku balaréa, nya éta ku cara nalungtik naskah wawacan.

Wawacan anu baris ditalungtik téh nya éta *Wawacan Pandita Sawang*. Sok sanajan ieu naskah téh geus aya nu nalungtik dina wangun skripsi, tapi naskah katut hal-hal anu baris ditalungtikna béda. Nu baris digarap dina ieu panalungtikan nya éta medar ngeunaan struktur carita sarta eusi wawacanna tina jihat pembacaan hérmeneutik.

Pentingna “pembacaan” hérmeneutik dina panalungtikana *Wawacan Pandita Sawang* di antarana nya éta pikeun nyurahan naskah sangkan nu maca bisa leuwih maham kana eusi téks wawacan. Ieu pamadegan luyu jeung pamanggih Budianto (2001: 63) anu nétélakeun yén pembacaan hérmeneutik téh bisa dijadikeun salah sahiji alat pikeun nafsirkeun naskah, téks-téks sangkan leuwih babari dicangkemna.

Nu kungsi nalungtik naskah *Wawacan Pandita Sawang* pikeun kapentingan skripsi nya éta Komaningsih Utama (FS UNPAD,1986) *Analisa Struktur Wawacan Pandita Sawang dari Kecamatan Tomo Kabupatén Sumedang Sebuah Karya Sastra yang Berisi Pendidikan Agama Islam*.

Sanajan judul naskah nu dipaké sarua, aya sababaraha hal nu ngabédakeun ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna, nya éta naskah sumber nu dipaké dina ieu panalungtikan téh asalna ti wewengkon Gegerkalong Girang sarta ieu panalungtikan garapanana dipuseurkeun kana jihat hérmeneutik.

Lantaran téks ieu naskah wawacan téh ditulis maké hurup Arab Pégon, ku kituna ieu naskah téh ditransliterasikeun heula kana aksara Latén. Sabada kitu kakara dianalisis. Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban hasil panalungtikan nu geus aya.

1.2. Watesan Masalah

Sangkan panalungtikan anu baris dipedar téh jéntré tur museur kana poko bahasan anu rék ditalungtik, masalah anu bakal dipedar téh kudu diwatesanan. Dumasar kana éta hal, ieu panalungtikan téh museur kana struktur carita anu ngawengku téma, palaku, galur, latar, titik catur (*point of view*), gaya basa, sarta ulikan hérmeneutik.

1.3. Rumusan Masalah

Luyu jeung kasang tukang sarta watesan masalah di luhur, sangkan leuwih anteb masalah dina ieu panalungtikan baris dirumuskeun saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur carita (tema, palaku, galur, latar, titik catur, jeung gaya basa) nu aya dina *Wawacan Pandita Sawang*?
- 2) Kumaha eusi *Wawacan Pandita Sawang* ditingali tina jihat hérmeneutik?

1.4. Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan mibanda tujuan nu hayang dihontal, di antarana nya éta:

- 1) pikeun ngadéskripsikeun kumaha struktur carita (tema, palaku, galur, latar, titik catur, jeung gaya basa) nu aya dina *Wawacan Pandita Sawang*;
- 2) pikeun ngadéskripsikeun eusi *Wawacan Pandita Sawang* ditingali tina jihat hérmeneutik.

1.5. Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat anu dipiharep kacangking tina ieu panalungtikan nya éta bisa méré mangpaat ka balaréa sangkan nambahan élmu pangaweruhna ngeunaan sastra sarta tarékah pikeun ngariksa sangkan generasi nu bakal datang teu pareumeun obor ngeunaan karya sastra Sunda genre wawacan, hususna *wawacan Pandita Sawang*. Lian ti éta hasil ieu panalungtikan bisa dimangpaatkeun pikeun kapentingan dunya atikan di antarana nya éta pikeun ngadeudeul pangajaran aprésiasi sastra.

Wawacan Pandita Sawang kaasup kana naskah suluk, nya éta naskah anu eusina ngawincik pamahaan kaislaman dina wangun siloka. Eusi *Wawacan Pandita Sawang* nyaritakeun sagala rupa hal anu patali jeung kaagamaan, salah sahijina nya éta rukun Islam.

1.6. Rangkyai Tiori

Tiori anu digunakeun pikeun analisis dina ieu panalungtikan téh nya éta: *Prosedur Penelitian* (Arikunto: 1996), *Pengantar Téori Filologi* (Baried: 1985), *Prinsip-Prinsip Filologi Indonésia* (Robson: 1994), *Apresiasi Sastra* (Aminuddin: 2000), *Ulikan Sastra* (Faturuhman: 1983), *Pedaran Sastra Sunda* (Sumarsono: 1985), *Métode Penelitian Sastra* (Semi: 1990), *Panyungsi Sastra* (Rusyana: 1984), *Kamus Istilah Sastra* (Iskandarwassid: 2003), *Apresiasi Kesusastraan* (Sumardjo jeung Saini K.M.: 1991), *Pengantar Ilmu Sastra* (Luxemburg:1989), *Hermeneutika Sunda* (Sumardjo: 2003), *Sastra dan Ilmu Sastra* (Teeuw: 1988), *Kamus Umum Basa Sunda* (LBSS: 1995), *Lima Abad Sastra Sunda* (Wibisana: 2000), *Pengantar Penelitian Ilmiah* (Surakhmad: 1991), *Palanggeran Éjahan Basa Sunda* (JPBD: 1992), *Hermeneutik* (Sumaryono: 1999), *Naskah, Teks, dan Penelitian Filologi* (Lubis: 1996), jeung sakumna sumber anu patali jeung struktur sarta hérmeneutik.

1.7. Anggapan Dasar

Anggapan dasar disebut ogé asumsi. Anggapan dasar mangrupa tatapakan téori dina laporan hasil ahir panalungtikan. Nurutkeun Surakhmad dina Arikunto (1996:60), anggapan dasar téh nya éta "*sebuah titik tolak pemikiran yang kebenarannya diterima oleh penyelidik*"

Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) *Wawacan Pandita Sawang* mangrupa karya sastra Sunda heubeul anu ditulis dina wangun pupuh atawa dangding.

- 2) Struktur carita wawacan diwangun ku téma, palaku, galur, latar, titik catur, jeung gaya basa, sarta bisa didéskripsikeun.
- 3) Eusi carita *Wawacan Pandita Sawang* bisa ditafsirkeun dumasar kana téori hérmeneutik.

1.8. Wangenan Operasional

Sangkan leuwih jéntré sarta pikeun ngaleungitkeun ayana pamahaman séjén, baris dipedar wangenan ngeunaan istilah-istilah anu patula-patali jeung ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) *Ulikan* asal kecapna tina ulik, ngulik nya éta mikiran atawa ngahartikeun ku sorangan (*KUBS*, 1995: 549). Ku kituna, ulikan hartina nya éta hasil tina mikir atawa hasil tina ngahartikeun.
- 2) *Hérmeneutik* sacara étimologis asalna tina basa Yunani *hermeneuein* anu hartina nafsirkeun. Ku kituna kecap barang *hermeneia* sacara harfiah dihartikeun *tafsiran* atawa interprétasi (Sumaryono, 1992: 23). Nu diinterprétasikeun tina *Wawacan Pandita Sawang* dina ieu panalungtikan nya éta hal-hal nu aya patalina jeung kaagamaan.
- 3) *Wawacan* nya éta carita panjang anu didangding, digelarkeun dina puisi pupuh (Iskandarwassid, 2003: 168).
- 4) *Wawacan Pandita Sawang* nya éta salah sahiji naskah hasil karya sastra Sunda buhun.

